



Avril 2020

Chè Moun New York,

Nan non Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York Nan non Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York, mwen, mwen vle ba ou dènye nouvèl sou nouvèl sou epidemi sante publik grav konsènan maladi nan poumon ki asosye ak itilizasyon pwodwi sigarèt elektwonik, oswa vapeng (EVALI, e-cigarette, or vaping, product use-associated lung injury). Apati 2020, ofisyèl sante federal, Eta ak lokal yo ap kontinye mennen ankèt sou 2,800 ka posib EVALI, kote pifò nan moun yo gen mwens pase 35 lane. Kantite sa a gen ladan plis pase 50 ka ak twa (3) lanmò nan Vil New York (NYC) ak plis pase 60 lanmò atravè peyi a. Tout ka yo se moun ki te itilize sigarèt elektwonik.

Epidemi EVALI a yon pwoblèm sitou akòz epidemi kowonavirus 2019 (COVID-19) k ap vale teren an. Anplis EVALI, vapeng ka afekte sante poumon nan lòt fason tou. Paske COVID-19 kapab afekte poumon moun tou, vapeng ka ogmante risk pou maladi grav.

Men kèk sentòm yo bay nan eklatman EVALI a ki asosye ak itilizasyon sigarèt elektwonik:

- Touse, souf kout oswa doulè nan pwatrin
- Kè plen, vomisman, dyare oswa vant fè mal
- Lafyèv, fatig oswa pèdi pwa

Sigarèt elektwonik yo se aparèy ki chofe yon likid nan ayewosòl (vapè dlo). Lè moun sèvi ak sigarèt elektwonik (ki rele vapeng tou), yo respire ayewosòl sa a. Yo rele sigarèt elektwonik yo "vap" oswa "plim vap" tou. Likid sigarèt elektwonik yo pa gen tabak ladan men souvan li toujou gen nikotin, ki se yon bagay moun ka gen depandans li, ak gou. Moun ka itilize sigarèt elektwonik ak lwil THC (engredyan yo jwenn nan kanabis, ki rele marigwana tou, ki fè moun "high (dwoge)" ak lòt sibstans.

Pandan asetat vitamin E, yon aditif nan kèk pwodwi vapeng ki gen THC, gen yon gwo rapò ak epidemi an, pa gen yon grenn pwodwi chimik oswa kalite pwodwi ki lye ak tout ka EVALI. Ou ap jwenn asetat vitamin E nan plizyè manje ak pwodwi swen po. Li pa yon danje lè ou manje li ak mete li sou po. Sepandan, rechèchè sijere asetat vitamin E afekte fonksyon poumon lè ou respire li. Kòm se pa tout ka EVALI nou ka konekte ak asetat vitam E, gen lòt pwodwi chimik nan THC oswa pwodwi vapeng nikotin ki ka enplike nan epidemi an.

Kounye a la Depatman Sante rekòmande sa ki annapre yo.

Pou moun New York ki itilize pwodwi vapeng THC yo:

- Piga ou itilize okenn pwodwi vapeng THC, sitou pwodwi ou achte sou entènèt oswa nan rezo enfòmèl oswa sosyal. Pwodui ki sanble yo soti nan detayan lòt eta ki gen pèmi pou vann yo kapab fo oswa yo pa règlemante (pa egzanp "Dank Vapes" oswa "Exotic Carts"). Sa ki nan katouch yo ka pa koresponn ak etikèt la epi yo ka varye. Pwodwi kanabis, tankou pwodwi vapeng THC yo, pa ni legal ni règlemante nan Eta New York (NYS), amwenske se pou rezon medikal ou ap itilize yo nan Pwogram Marigwana Medikal Eta New York la.
- Si ou se yon pasyan ki sètifye nan Pwogram Marigwana Medikal la, pale ak pwofesyonèl swen sante ou sou lòt pwodwi ou te ka itilize nan plas pwodwi vapeng yo pandan ankèt la ap fèt la. Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Pwogram Marigwana Medikal Eta a nan 844-863-9312.

Si ou kontinye itilize pwodui vapeng THC yo:

- Pa modifie oswa ajoute okenn sibstans (tankou asetat vitamin E) nan pwodwi fabrikan an pa te gen entansyon pou itilize ak li.
- Evite pataje pwodwi ou yo. Sa ka ogmante risk pou ou bay oswa pran enfeksyon, tankou grip ak COVID-19.
- Chèche swen medikal touswit si ou devlope nenpòt nan sentòm ki endike anwo yo.

Pou moun New York k ap itilize pwodwi vapeng nikotin yo:

- Konsidere sèvi avèk medikaman ranplasman nikotin FDA apwouve (patch, chiklèt, lozanj, espre ak inalatè) tan pou ou vapeng oswa fimen sigarèt.
- Pale ak pwofesyonèl swen sante ou sou sa yo ak lòt estrateji pou fè fas ak sevraj ak anvi nikotin, ak kijan pou ou diminye risk pou devlope EVALI. Rele, voye mesaj tèks oswa itilize sit pou pasyan an anvan ou ale kay pwofesyonèl swen sante ou. Itilize telemedsin tan pou ou ale nan yon vizit kay doktè fas-a-fas, si li posib. Epitou, moun New York ki bezwen èd pou sispann vapeng oswa fimen kapab:
  - Ale sou [nysmokefree.com](http://nysmokefree.com) oswa rele 866-NY-QUITS (866-697-8487) pou pale ak yon konseye pou sispann fimen epi mande si ou kalifye pou yon kit pou kite fimen ak medikaman pou nikotin.
  - Pale ak yon famasyen lokal pou konsèy, tankou sou opsyon medikaman san preskripsiyan.
  - Jèn moun (ant 13 ak 24 lane) kapab voye mesaj tèks "DROPTHEVAPE" bay 88709 pou patisipe nan yon pwogram sipò pa tèks.
- Evite pataje pwodwi, paske sa ka ogmante risk pou ou bay oswa pran enfeksyon, tankou grip ak COVID-19.

Si ou se yon paran epi pitit ou gen sentòm yo ki nan lis ki anwo a, epi li posib pitit sa a konn vapeng, chèche jwenn swen medikal pou pitit ou. Pale ak pitit ou sou risk vapeng ak dènye epidemi maladi poumon ki gen rapò ak vapeng:

- Pale sou risk vapeng pandan ankèt la ap fèt.
- Reponn nenpòt kesyon yo genyen sou sigarèt elektwonik oswa sigarèt pandan y ap ankouraje pou yo pale libelibè.
- Pataje enkyetid ou yo epi rekonèt kouman li difisil pou reziste presyon kanmarad yo.

Anplis, jèn moun ki ansent pa ta dwe janm itilize pwodwi vapeng. Adilt ki pa itilize pwodwi tabak kounye a pa ta dwe kòmanse sèvi ak pwodwi vapeng.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou sigarèt elektwonik, al gade nan [nyc.gov/health](http://nyc.gov/health) epi chèche "**e-cigarettes**" (sigarèt elektwonik). Pou jwenn plis enfòmasyon sou epidemi an, al gade nan [cdc.gov](http://cdc.gov) ak chèche pou "**EVALI**". Pou jwenn plis enfòmasyon sou COVID-19, al gade nan [nyc.gov/health/coronavirus](http://nyc.gov/health/coronavirus).

Mèsi pou èd ou pou pwoteje kominate nou yo.

Ak tout kè mwen,

Oxiris Barbot, MD  
Manm Komisyon  
Depatman Sante ak  
Ijyèn Mantal Vil New York